



Pou Piblikasyon Imedya: 2/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**LAJAN NAN PÒCH OU: AVAN DAT KÒMANSMAN 1 JANVYE 2025 LA POU KONJE
PRENATAL PEYE KI SE PREMYE NAN NASYON AN, GOUVÈNÈ HOCHUL
ANONSE NOUVO KANPAY POU MOBILIZE NOUYÒKÈ KI ELIJIB YO**

Gouvènè Hochul te goumen pou l pase politik konje prenatal peye ki se premye nan nasyon an, sa k ap ede fanm ansent k ap fè fas ak defi ekonomik yo

Pandan politik sou konje prenatal peye a ap antre anvigè apati 1e janvye 2025, Eta devwale kanpay sansibilizasyon piblik pou notifie Nouyòkè ki elijib yo

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòk te pran gwo mezi pou amelyore abòdabilite pou fanmi k ap travay yo

Gouvènè Hochul jodi a te lanse yon [kanpay](#) nan tout eta a pou ogmante konsyantizasyon sou politik konje prenatal peye Nouyòk la ki se premye nan nasyon an, k ap antre an vigè apati 1e janvye 2025. Politik lidè nasyonal sa a, ki te pwopoze nan diskou Gouvènè Hochul sou Sitiyasyon Eta a an 2024 epi ki te siyen an lwa an avril, bay travayè yo kapasite pou yo pran konje peye pou nenpòt randevou medikal ki gen rapò ak gwosès. Nan ane ki sot pase a sèlman, Gouvènè Hochul te fè Nouyòk vin pi abòdab pou fanmi k ap travay yo gras ak investisman 1.8 milya nan gadri, bay 2.3 milya nan soulajman taks sou pwopriyete, negosye yon akò istorik sou lojman abòdab ak plis ankò.

"Okenn fanm ansent nan Nouyòk pa ta dwe oblije chwazi ant yon chèk ak yon vizit medikal — epi se poutèt sa mwen te batay kreye premye politik konje prenatal peye nan nasyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan ogmante salè minimòm pou rive nan envesti nan gadri abòdab, n ap fè Nouyòk vin pi bon plas ki pi abòdab pou grandi yon fanmi."

Dirije pa Depatman Travay (Department of Labor) Eta a [kanpay sansibilizasyon piblik](#) nan tout eta Nouyòk la vize pou pwomouvwa politik Konje Prenatal Peye revolisyone Eta Nouyòk la. Kanpay la pral ofisyèlman demare ak devwalman piblisite nan metwo a. Objektif kanpay konsyantizasyon an se edike Nouyòkè yo ak biznis yo sou nouvo lwa a epi raple fanm ansent nan Eta Nouyòk yo ke yo pa janm oblije chwazi ant yon chèk ak swen prenatal.

Efò kanpay adisyonèl yo pral gen ladan sansibilizasyon medya sosyal, yon paj wèb dedye, bilten, yon vizit vityèl nan medya ak Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, ak kolaborasyon ak divès pati konsène ak enfliyansè pou sansibilize pandan tout ane 2025 la.

Komisè Depatman Travay Eta Nouyòk la, Roberta Reardon, te deklare, "Avèk Konje Prenatal Peye, Nouyòk pa sèlman pran swen fanm ansent, men tou jenerasyon k ap vini yo nan mendèv nou an. Mwen bat bravo pou angajman kontinyèl Gouvènè Hochul anvè fanmi Eta Nouyòk yo."

Apati 1e janvyè 2025, nenpòt Nouyòkè ansent k ap travay prive pral kapab kounye a resevwa yon lòt 20 èdtan konje maladi peye pou swen prenatal. Depatman Travay Eta Nouyòk la estime anviwon 130,000 fanm ansent chak ane ap elijib pou benefis sa a, ak anviwon 65,800 nan sa yo k ap travayè pa èdtan.

Swen sante ki gen rapò ak gwosès gen ladan:

- Egzamen fizik
- Pwosedi medikal
- Siveyans
- Tès yo
- Diskisyon ak yon founisè swen sante nesesè pou asire yon gwosès an sante
- Tretman fètilite
- Swen nan fen gwosès

Benefis konje prenatal ki peye yo anplis Konje Fanmi Peye Eta Nouyòk la, konje patwon an deja bay ak benefis konje maladi ki egziste deja, asire travayè yo ka resevwa swen sante ki nesesè pou abòde tout swen ki gen rapò ak gwosès pou kreye bon rezilta san yo pa mete travay yo oswa finans yo an danje. Lwa a aplike a tout anplwayè prive nan Eta Nouyòk, san sèy minimòm pou anplwaye, epi li aplikab pou alafwa anplwaye a plen tan ak a tan pasyèl yo.

Komisè Sante Eta Nouyòk (New York State Health) la, James McDonald, te deklare, "Angajman san fay Gouvènè Hochul pou pwoteje travayè ansent yo nan Nouyòk enpòtan anpil pou asire aksè ak bon jan kalite swen pandan tout gwosès yo. Bay moun ansent konje peye pou swen ki gen rapò ak gwosès pral pwoteje sante yo, sante ak sekirite timoun ki poko fèt yo epi amelyore rezilta sante yo."

San konje peye, anpil fanm oblije chwazi ant resevwa swen medikal oswa touche yon chèk. Nan Nouyòk, pousantaj mòtalite tibebe a pi wo pami moun ki pa te gen swen prenatal oswa ki pa te kòmanse jwenn swen prenatal jiska twazyèm trimès la. Poutan, twòp fanm pa kapab resevwa swen medikal sa a paske yo pa ka pran konje san peye; yon etid resan te jwenn ke prèske 40 pousan nan fanm ki pa te resevwa swen medikal prenatal rapòte ke se akòz yon mank konje peye oswa akòz swen ki pa abòdab.

Etid yo montre ke swen sante prenatal gen yon gwo relasyon ak rezilta sante amelyore pou manman ak tibebe yo; epi manman ansent ki gen aksè ak vizit medikal prenatal regilye yo gen mwens chans pou yo mouri nan akouchman, epi tibebe ki fèk fèt yo gen plis chans pou yo an sante. Konpare ak tibebe ki fèt epi manman yo te resevwa swen prenatal, tibebe ki gen manman ki pa te resevwa swen prenatal te gen twa fwa plis chans pou yo gen yon pwa depi nan nesans ki ba, mwens pase 2.5 kg (5.5 liv), epi yo gen senk fwa plis chans pou yo mouri nan anfans yo. Anplis de sa, fanm ki pa resevwa swen prenatal gen twa a kat fwa plis chans pou yo mouri akòz konplikasyon ki gen rapò ak gwosès pase moun ki resevwa swen.

Moun koulè ki ansent yo, espesyalman fanm Nwa yo, fè fas ak yon pousantaj ki dispwopòsyonèlman pi wo nan konplikasyon gwosès ak mòtalite matènèl nan nivo nasyonal. Fanm nwa yo reprezante twòp pami lanmò ki gen rapò ak gwosès yo, yo reprezante 14.3 pousan nan tout nesans nan Nouyòk an 2018 men plis pase mwatye, 51 pousan, nan lanmò matènèl. Fanm nwa yo gen senk fwa plis chans pou yo mouri nan gwosès pase fanm blanch yo epi yo gen plis chans tou pou yo fè eksperyans konplikasyon, epi to pre-eklanpsi a 60 pousan pi wo lakay fanm nwa yo pase lakay fanm blanch yo.

Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta Nouyòk (New York State Office of Child and Family Services) la, DaMia Harris-Madden, te deklare, "Lejislasyon inovan ak siyifikatif sa a se yon lòt egzanp angajman Gouvènè a pou l abòde sante matènèl ak tibebe. Entwodwi premye konje medikal prenatal peye sa a se yon aksyon delibere pou pwoteje fanm ak ti bebe pandan y ap pwomouvwa avansman mendèv ekitab. Ak plis pase 80 pousan nan lanmò ki gen rapò ak gwosès yo ka prevni, ogmante aksè ak swen prenatal ki regilye san pèdi salè ap mennen nan rezilta sante pozitif pou enkli yon rediksyon nan konplikasyon gwosès ak nesans."

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Barbara C. Guinn, te deklare, "Nouvo lwa Konje Prenatal Peye Nouyòk la pral amelyore rezilta sante pou fanm yo nan ede asire ke tout travayè ansent nan Nouyòk gen sipò ak resous yo bezwen pou jwenn aksè ak swen sante enpòtan ki gen rapò ak gwosès. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li priyoreze sante ak byennèt matènèl ak tibebe epi pou angajman fèm li pou sipòte fanm ak fanmi yo nan Eta Nouyòk."

Antanke premye manman Gouvènè nan Nouyòk, Gouvènè Hochul te kontinye bati sou angajman eta a nan swen sante matènèl ak sipòte fanmi yo. Anplis konje prenatal peye, kòm yon pati nan plan jeneral li a pou amelyore mòtalite matènèl ak tibebe a, Gouvènè a te etabli 12 semèn benefis konje paran peye pou plis pase 80 pousan nan mendèv eta a, pwolonje kouvèti apre akouchman pou jiska yon ane konplè pou moun ki enskri nan Medicaid ak Child Health Plus yo, te etabli kouvèti Medicaid nan tout eta a pou fanm chay, te kreye premye anyè fanm chay eta a, epi li te pran dispozisyon pou elimine depans pataje pou kèk avantaj ki gen rapò ak gwosès pou moun ki enskri nan Plan Esansyèl oswa Plan Sante Kalifye eta a.

Sistèm gadri Nouyòk la ki finanse piblikman — ak nouvo aplikasyon sou entènèt ki te lanse an jiyè — fè pati efò kontinyèl Gouvènè a pou rann gadri pi abòdab, aksesib epi ekitab pou fanmi Nouyòk yo. Gouvènè Hochul amelyore aksè nan Program Asistans pou Gadri (Child Care Assistance Program, CCAP) a lè li ogmante limit kalifikasyon revni pou gadri a nan maksimòm federal la, li limite depans pou gadri fanmi yo, epi ogmante pousantaj ranbousman Eta a nan pwogram gadri yo. Bidjè eta ki te adopte pou ane 2024-25 la plis pase doub finansman pou [CCAP](#) a pou rive nan 1.8 milya, epi an 2023, Gouvènè Hochul te anonse tou yon angajman konbine 100 milyon dola pou sibvansyon pou konstriksyon sant gadri ak kredi taks pou biznis pou ekspansyon gadri nan espas travay pou abòde yon mank enpòtan nan ekipman pou gadri nan Eta Nouyòk.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)